



Pou Piblikasyon Imedya: 24/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN NETWAYAJ KONPLÈ POU ANSYEN SIT  
ASYE LACKAWANNA BETHLEHEM NAN**

***Netwayaj yo estime a 69 milyon dola a ap kòmanse lòt ane***

***Netwayaj la ap bay aksè piblik nan bò dlo Lak Erie a pou premye fwa depi plis  
pase yon syèk***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a chwa plan netwayaj final pou asenisman ki estime a 69 milyon dola ansyen sit Asye Bethlehem nan, nan Lackawanna. Anons lan apiye pwogrè ki deja ankou sou sit la, epi yo prevwa kòmanse konstriksyon pou fè plan netwayaj la avanse a ane pwochèn. Anplis li abòde pwoblèm kontaminasyon nan tout sit la, netwayaj la ap bay aksè piblik nan bò dlo Lak Erie a pou premye fwa depi plis pase 100 tan

"Fanmi mwen te travay nan izin Asye Bethlehem lan epi mwen konnen dirèkteman ke netwayaj ansyen sit la nan Lackawanna vle di anpil pou moun k ap viv isit la,"

**Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a make yon etap enpòtan nan renesans vil sa epi pwojè sa se egzant pafè kijan Eta New York ap rebati kominote yo lè li mete ansyen sit endistriyèl tankou sit Asye Bethlehem lan nan bon itilizasyon, k ap ede transfòme katye yo, pwoteje anviwònman an, epi demare devlopman ekonomik."

Nan tan pase yo Bethlehem Steel te yon gwo motè ekonomik nan Lwès New York, ki te kouvri plis pase 647 ekta pou pwodiksyon fè ak asye depi nan kòmansman 20yèm syèk la. Asenisman diferan seksyon nan pwopriyete a te avanse atravè pwogram Eta New York yo, ki enkli Pwogram DEC a pou Sipè-Fon Eta a, Pwogram Aksyon Korektif, Lwa sou Konsèvasyon ak Rekiperasyon Resous, ak Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl la. Kontaminasyon sou sit la gen ladan nivo metal ki wo, ki gen ladan asenik ak lòt metal ki asosye avèk pwosesis fabrikasyon jeneral pou endistri asye a. Anplis de sa, itilizasyon jeneralize transpò fewovye, lwil, grès ak konbisyon konbistib fosil yo afekte sòl sit yo avèk konpoze òganik semi-volatil kabòn, espesyalman idwokabi awomatik polisiklik.

**Komisè Depatman Prezèvasyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) a, Basil Seggos te deklare,** "Netwayaj ak redevlopman ansyen sit Asye Bethlehem nan ap transfòmatif pou vil Lackawanna a ak tout Lwès New York. Renesans sa, k ap avanse sou sipèvizyon DEC a pou asire li pwoteje sante piblik ak

anviwònman an, ap rapòte benefis pou tout kominote a, amelyore lwazi lè li bay aksè nan bò dlo a pou premye fwa nan plis pase yon syèk epi favorize opòtinite devlopman k ap ranfòse ekonomi rejyon an."

Deklarasyon Debaz la te finalize jodi a epi li disponib sou sitwèb DEC a nan [Netwayaj Anviwònmantal nan Ansyen Sit Asye Bethlehem lan - Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal Eta NY](#), reprezante solisyon ki chwazi pou abòde pwoblèm kontaminasyon ki lye ak sit la epi ki detaye poukisa solisyon sa te chwazi. Dokiman sa yo enkli yon Rezime Reyaktivite ki abòde kòmantè piblik nou te resevwa konsènan pwopozisyon yo, ki te anonse nan mwa me 2021 an. Netwayaj la fèt pou restore ansyen sit Asye Bethlehem lan nan yon fason ki pwoteje sante piblik la ak anviwònman an. Restorasyon dirab sit sa fè objektif DEC pou prezève, restore, epi konekte resous natirèl yo ak fonksyon rezistans Lak Erie yo avanse.

Plan aksyon reparatè yo (Remedial action plans, RAP) ap oryante efò k ap fèt nan sit la. Anplis li abòde pwoblèm kontaminasyon an, netwayaj la ap bay aksè piblik nan bò dlo a pou premye fwa depi plis pase 100 tan. RAP yo nesèsè dapre kondisyon Dekrè sou Konsantman 2020 an, yon kad aplikasyon legal ant DEC, Tecumseh, ak ansyen antrepriz paran Tecumseh lan, Arcelor Mittal USA, pou netwaye konplètman ansyen sit Asye Bethlehem lan pou yon depans ki estime a 69 milyon dola.

Òdonans Konsantman DEC la legalman egzije Tecumseh ak ArcelorMittal, konpayi yo ki akèri responsablite anviwònmantal Bethlehem Steel apre fayit li, pou:

- Fini yon pwogram reyabilitasyon konplè ki gen ladan netwayaj ak siveyans 198 ekta ansyen sit Bethlehem Steel toupre litoral Lake Erie a;
- Asire fèmte ak mentnans apre fèmte pou sit la, ki enkli asirans finansye;
- Ranbouse Eta New York pou depans li fè pou sipèvizyon netwayaj la;
- Sipòte gwo patisipasyon ak angajman piblik la nan devlope ak aplike plan netwayaj sit la;
- Bay aksè piblik apre netwayaj pou pati bò dlo Lackawanna; epi
- Patisipe nan yon patenarya piblik/prive k ap evalye pozisyon ak konsepsyon pou restore zòn bò rivaj Lackawanna yo epi amelyore abita a.

Ogmante aksè ak bò dlo Lake Erie a se yon eleman kle yon estrateji devlopman ekonomik dirab pou sit la. DEC pa ka tann pou travay ak pati ki konsène yo pou devlope plan pou aksè piblik pou ale nan bò dlo a ak opòtinite restorasyon abita yo sou tout bò lak la.

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** "Ansyen sit Asye Bethlehem lan t ap mennen yon fwa ak travay ak aktivite ekonomik, epi kounye a, avèk pwogrè enpòtan sa, n ap ralanti men n ap travay ak asirans pou wè potansyè sa ankò. Nouyòkè Lwès New York yo ap finalman wè yon apwoch transfòmatif nan sit la, epi mwen kontan pou wè opòtinite ke inisyativ sa ap ouvri pou gason ak fanm Lackawanna yo. Mwen felisite Eta New York, DEC a, ak Gouvènè Hochul paske yo rekonèt enpòtans ak enpak sa ap genyen."

**Senatè Sean Ryan te deklare,** "Plizyè deseni de sa, sit Asye Bethlehem lan te sant ekonomi Lwès New York la. Lè izin nan te fèmen, sa te afekte plizyè milye fanmi nan rejyon an. Asenisman sit sa ap pèmèt teren ki devaste sa kontribye ankò nan ekonomi rejyon nou an - epi bay aksè nan bò dlo Lackawanna a pou premye fwa depi plizyè jenerasyon. Antanke yon natif natal Lackawanna ki te obsève efè disparisyon sit Asye Bethlehem lan, mwen gen yon apresyasyon patikilye pou enpak pwojè sa ap genyen sou vil natal mwen epi mwen kontan anpil pou wè ke nou atenn etap enpòtan sa."

**Manm Asanble, Jonathan Rivera, te deklare,** "Kòm rezilta efò asenisman konplè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, netwayaj sit Asye Bethlehem lan ap rebay aksè piblik nan Lak Erie pou premye fwa depi yon syèk. Lè asenisman an fini sou apeprè 202 ekta, Nouyòkè Lwès New York yo ap konekte yon fwa ankò ak pi bon atou nan bò dlo rejyon nou an, epi pou premye fwa nan yon jenerasyon, l ap kapab fasilite yon restorasyon abita bò rivaj yo ki te afekte negativman depi twò lontan pa efè polisyon an. Rezilta a se pral yon viktwa pou anviwònma, kominote yo ak ekonomi lokal nou an."

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** "Pak Komès Renesans (Renaissance Commerce Park) yo fèk deziyen an bay enèji epi l ap avanse antanke yon sant pou biznis nan Konte Erie epi anons sa ap favorize pwogrè sa. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Tecumseh paske yo travay sou akò netwayaj konplè sa, k ap rann plis nan pòsyon sa disponib pou redevlopman pandan l ap ogmante tou aksè piblik la nan bò dlo a. Se yon nouvo jou ak yon avni briyan nan ansyen sit Asye Bethlehem lan."

**Majistra Vil Lackawanna, Annette Iafallo, te deklare,** "Plan asenisman NYSDEC a pou bò lak 202 ekta ansyen sit Asye Bethlehem lan reprezante yon lòt etap enpòtan nan redevlopman kontini sit endistriyel istorik sa. Atravè kolaborasyon ak envestisman plizyè-gouvènman ak patnè prive ki solid, n ap kreye aktivite komèsyal dirab k ap jenere revni enpo ki amelyore ak opòtinite travay pou Lackawanna ak Konte Erie. Nou pral obsève tou retou aksè nan lwazi piblik nan yon pòsyon ki toupre rivaj Lak Erie a pou premye fwa nan plis pase 120 tan. Vil Lackawanna a kontan anpil epi onore pou li yon patnè enpòtan nan efò transfòmasyon yon fwa nan yon vi sa."

Yo prevwa konstriksyon ak asenisman an ap pran jiska sèt lane. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib sou: <https://bethlehemsteelcleanup.com/>

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)